**Pou Piblikasyon Imedya:** 26/09/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# PANDAN SEMÈN KLIMA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 7 MILYON DOLA POU SIPÒTE SANT EDIKASYON ANVIWÒNMANTAL AK KOMINOTE DEFAVORIZE YO

***Sibvansyon yo ede konstwi ak renove Sant Edikasyon Anviwònmantal pou enspire, angaje ak sipòte Nouyòkè ki pote plis fado polisyon yo***

***Dat limit aplikasyon an se 22 janvye 2025***

Nan kad selebrasyon Semèn Klima a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 7 milyon dola nan sibvansyon konpetitif pou òganizasyon kominotè, san bi likratif, ak òganizasyon tribi pou sipòte konstriksyon, oswa renovasyon enstalasyon ki egziste deja yo, pou kreye sant edikasyon anviwònmantal kominotè yo, ki pral ofri kou ak pwogram sou konsyantizasyon anviwònmantal. Sant yo dwe sitiye nan oswa sèvi yon kominote defavorize oswa yon kominote jistis anviwònmantal epi yo pral ede enspire eksplorasyon, dekouvèt, ak aprantisaj sou anviwònman an.

"Travay inovan Eta New York pou pwoteje anviwònman an epi adrese enpak dispropòsyone chanjman klimatik yo genyen sou kominote defavorize yo genyen ladan l asire pwochen jenerasyon defansè anviwònmantal yo gen aksè ak lanati kote y ap viv, travay ak jwe", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant edikasyon anviwònman ki sipòte pa finansman sa a pral ekipe vizitè yo ak konesans yo bezwen pou rantre nan batay kont chanjman klimatik la, pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo, epi ankouraje moun yo dekouvri ak sipòte prezèvasyon kiltirèl lokal yo."

Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa Klima) rekonèt ke chanjman klimatik pa afekte tout kominote yo yon fason egal epi li chaje Gwoup Travay pou Jistis Klima a pou devlopman kritè pou idantifye kominote ki defavorize yo pou asire ke kominote ki nan premye liy yo ak kominote ki pa gen anpil resous yo benefisye tranzisyon istorik eta a an sous enèji ki pi pwòp, ki pi vèt, redui polisyon, lè ki pi pwòp, ak opòtinite ekonomik amelyore. Vizite sitwèb Lwa Klima New York la pou w wè yon kat entè-aktif ak yon lis kominote ki defavorize nan tout eta a.

Finansman pou opòtinite sibvansyon sa a soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a epi li disponib pou sipòte depans kapital nan nouvo pwopozisyon konstriksyon oswa renovasyon. Yo pral bay sibvansyon ant 250,000 dola ak 3 milyon dola pou finanse sant edikasyon ki eksplore yon pakèt sijè

tankou ekoloji iben, defi jistis anviwonmantal, teknoloji ki favorab a anviwònman, ak dirabilite anviwònmantal iben. Pwopozisyon yo ka gen ladan depans kapital, tankou achte bilding oswa tè; konstriksyon oswa renovasyon; agrandi oswa mete ajou yon etablisman; achte mobilye, founiti, ak ekipman; ak achta materyèl teknolojik.

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "DEC rekonèt ke ranfòse edikasyon anviwonmantal enpòtan pou sipòte aksyon reyèl pou konbat pwoblèm klima ki afekte kominote defavorize yo ak kominote jistis anviwonmantal nan tout eta a. Sant edikasyon anviwonmantal yo bay yon varyete pwogram ak sèvis aksesib pou moun, fanmi, ak gwoup epi sèvi kòm resous valab nan kominote a kote moun reyini pou òganize evènman, aprann sou prezèvasyon kiltirèl ak jerans anviwònmantal, devlope rezistans kominote a, epi angaje yo nan aksyon klimatik kominotè."

Itilizasyon oswa pwogramasyon posib pou yon sant gen ladan:

- Edikasyon sou polisyon lè andedan alenteryè ak metòd modèl pou diminye ekspozisyon polisyon lè alenteryè;
- Edikasyon sou defi jistis anviwònmantal;
- Konsèvasyon kiltirèl ak jerans anviwònmantal;
- Fòmasyon ak edikasyon pou travay vèt;
- Pwogram, enfòmasyon ak ekspozisyon ki ogmante konsyantizasyon ak jerans anviwònmantal lokal la;
- Modèl devlopman dirab, tankou Sètifikasyon LEED pou Batiman Ekolojik, enfrastrikti vèt, ak agrikilti;
- Abri tan ekstrèm ak achitekti inovan oswa demonstrasyon jeni;
- Pwogram rechèch ak siveyans, ki fokis sou pwoblèm basen, debòdman egou konbine, emisyon veyikil, pwodiksyon enèji, aktivite transfè solid ak/oswa lòt pwoblèm;
- Espas kominotè pou òganizasyon lokal ki baze nan kominote a, evènman kominotè, ak atelye;
- Pwogram edikatif K-12 nan STEAM ki ka gen ladan ekoloji, domaj/risk/pwoblèm anviwonmantal, teknoloji vèt, ak dirabilite anviwònmantal;
- Kou ochwa nan nivo kolèj nan ekoloji, teknoloji enèji vèt ak dirabilite anviwònmantal; ak
- Konpozan eksteryè tankou jaden oswa fèm kominotè.

Dènye delè a pou aplikasyon yo se 3 p.m. 22 janvye 2025. Demand pou Aplikasyon yo (request for applications, RFA) disponib sèlman sou entènèt atravè Sistèm Finansye Nan Tout Eta a nan New York (ny.gov) (SFS). Òganizasyon kominotè san bi likratif yo dwe anrejistre ak prekalifye nan SFS pou aplike.

**Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030 ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab disi 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an disi mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 150 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU